



Pwogram Asistans Finansye Gadri pou Timoun: Règleman ki gen rapò ak Depatman Timoun ak Fanmi (DCF)

Nimewo Règleman an: CFA-26-05

Dat li Pibliye: 6 Me, 2026

Dat Li An Vigè: 6 Me, 2026

Aplikabilite: Depatman Timoun ak Fanmi, Administratè Aksè Fanmi (FAA), Mass211, Ajans Resous ak Referans gadri pou Timoun (CCRR), Founisè Kontra, ak Fanmi yo.

TABLO KONTNI YO

ENFÒMASYON DEBAZ.....	2
Sistèm Asistans Finansye pou Swen/Gadri pou Timoun nan Massachusetts.....	2
Pwogram Swen/Gadri Timoun ki Asosye ak Depatman Timoun ak Fanmi (DCF).....	2
OTORITE.....	2
ENFMASYON ANPLIS.....	3
PA AN MIZAJOU / EKSPIRE.....	3
ELIJIBILITE AK REFERANS	3
PARAN KI JÈN YO	5
LAJAN POU TRANSPÒTASYON	5
FRÈ ParAN YO	5
RAPÒTE CHANJMAN KI FÈT.....	6
PREZANS	6
POZ POU PA PREZAN NAN GADRI A KI APWOUVE.....	7

ReOTORIZASYON AK KONTINITE GADRI A	8
Swen Transisyonèl Timoun ak Kontinite Swen ki Gen Rapò ak DCF.....	8
REFI AK SISPANSYON ÈD FINANSYE.....	9
KOMINIKASYON	10
PWOGRAM GADRI TANPORÈ POU TIMOUN DCF.....	10

ENFÒMASYON DEBAZ

Sistèm Asistans Finansye pou Swen/Gadri pou Timoun nan Massachusetts

Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti (EEC) bay asistans finansye pou ede fanmi ki gen ti revni nan Massachusetts peye pou edikasyon ak swen/gadri pou timoun piti ki gen bon jan kalite. Politik sa a konsolide divès politik pwovizwa ak konsèy pou ane 2023–2026 yo nan yon sèl gid konsolide pou asire klète, transparans, ak aksè ekitab pou tout rezidan Commonwealth la

Gen twa Pwogram Asistans Finansye pou Swen/Gadri Timoun pou adrese diferan bezwen fanmi yo atravè Commonwealth la:

- Pwogram Swen/gadri pou Timoun pou Moun ki ki Kalifye Selon Revni yo
- Pwogram Swen/Gadri pou Timoun ki asosye ak Depatman Asistans Tranzisyonèl (DTA)
- Pwogram Swen/Gadri Timoun ki gen rapò ak Depatman Timoun ak Fanmi (DCF)

Pwogram Swen/Gadri Timoun ki Asosye ak Depatman Timoun ak Fanmi (DCF)

EEC travay an patenarya ak Depatman Timoun ak Fanmi (DCF), ajans byennèt timoun leta a, pou asire aksè a bon jan edikasyon ak swen/gadri pou timoun piti pou fanmi k ap travay ak DCF. Swen/Gadri pou timoun Timoun ki asosye ak DCF, sa ki enkli ladan l edikasyon ak swen/gadri pou timoun piti konplè ki apwopriye pou devlopman yo ansanm ak sèvis edikatif, epi, lè founisè a ofri sa, sèvis transpò. Si plasman an fèt kay yon founisè ki gen kontra pou Sèvis Sipò, finansman ap disponib tou pou bay sèvis jesyon ka ak sèvis sipò sosyal-emosyonèl, jan timoun yo ak fanmi yo bezwen l

OTORITE

- M.G.L. c. 15D, § 1: Otorite jeneral pou asire timoun ak fanmi yo gen tout opòtinite pou yo reyalize potansyèl yo.

- M.G.L. c. 15D, § 13A: Kòdifikasyon pwogram CCFA a nan Iwa..
- 606 CMR 10.00: Règleman sou Asistans Finansye pou Swen/Gadri pou Timoun.
- 45 CFR Part 98: Plan Fon Federal pou Swen/Gadri ak Devlopman Timoun (CCDF).

ENFMASYON ANPLIS

- [Asistans Finansye pou Swen/Gadri pou Timoun](#) Apèsi sou pwogram Asistans Finansye pou Swen/Gadri Timoun nan Massachusetts (CCFA). Resous pou fanmi yo aprann sou èd pou peye swen/gadri timoun ak pwogram apre lekòl.
- [Sant pou Pwogram Èd Finansye pou Gadyenaj Timoun](#) Repoziwa anliy/sou entènèt pou règleman, politik, konsèy sou politik, pwosedi, kesyon yo poze souvan (FAQs) ak resous fòmasyon ki pi resan sou asistans finansye pou gadri.
- [Fòm Komen pou Asistans Finansye pou Swen/Gadri pou Timoun](#)
- Pou asistans ak aplikasyon oswa entèpretasyon politik pwovizwa Asistans Finansye pou Swen/Gadri pou Timoun sa yo, kontakte EEC nan: eeccsubsidymanagement@mass.gov

PA AN MIZAJOU / EKSPIRE

- Règleman Pwovizwa Pwogram Èd Finansye pou Swen/Gadri pou Timoun ki gen Rapò ak DCF – 1e Oktòb 2023
- Avètisman Konsèy sou Politik EEC – Operasyon sou teren 2023 - 4 - Asistans Finansye pou Gadri Timoun
- Avi Konsèy sou Politik EEC – Operasyon sou Espas Travay la 2024 - 7 - Gid Politik Mizajou sou Èd Finansye pou Gadri/Swen Timoun

ELIJIBILITE AK REFERANS

Sèvis swen/gadri pou timoun ki asosye ak DCF yo bay an akò ak egzijans federal ak leta pou tout timoun ki gen dosye DCF aktif ak timoun nan fanmi ki te apwouve pa DCF pou kontinye swen/gadri apre dosye yo fin fèmen, sa ki enkli ladan:

- Timoun k ap viv ak yon paran;
- Timoun k ap viv ak fanmi;
- Timoun k ap viv nan fwaye akèy;
- Timoun ki gen yon dosye k ap jere pa yon ajans ki gen kontra ak DCF; epi
- Timoun paran li jèn ki gen yon dosye aktif. Pa egzanp, paran jèn yo ka nan sistèm swen fòstè/d'akèy oswa gen yon dosye DCF ouvè pou sipò apre yo fin gen 18 an.

DCF ap bay yon referans pou yon fanmi dapre chwa paran an ant yon kupon (voucher)

oswa yon plas anba kontra. Fanmi DCF refere yo ap resevwa aksè imedyat atravè referans lan e yo pa bezwen mete yo sou lis datant santralize EEC la. Referans DCF la sèlman sifi pou etabli elijibilite pou gadri. Administratè Aksè pou Fanmi yo asiye ap kontakte fanmi DCF refere yo nan yon delè 3 jou ouvrab apre referans lan pou konplete pwosesis asistans finansye pou gadri a. Administratè Aksè pou Fanmi yo dwe verifye idantite paran(an) ki sou referans gadri a. Yo pap mande okenn lòt dokiman pou verifye elijibilite pou gadri DCF refere a. Fanmi yo pa bezwen bay verifikasyon revni, limit byen, oswa bezwen pou sèvis, epi egzijans pou frè paran yo pa aplike pou fanmi k ap resevwa Gadri/Swen ki gen Rapò ak DCF.

Referans yo bay pa DCF ap valab pou 90 jou apati dat yo bay yo. Si yon paran DCF pa kapab jwenn plas gadri pandan peryòd 90 jou sa a, DCF ka voye yon referans mete ajou pou yon lòt peryòd 90 jou. DCF ap bay Administratè Aksè Fanmi an yon referans pou bay fanmi an aksè imedyat a sèvis gadri ki gen rapò ak DCF atravè:

- **Kontrak Swen/Gadri pou Timoun ki Asosye ak DCF** - EEC siyen kontra ak founisè swen/gadri pou timoun espesifik pou kenbe plas disponib pou swen/gadri timoun ki enplike nan DCF. Founisè ki gen kontra yo ofri fanmi yo sèvis sipò adisyonèl tankou transpò, sèvis sante mantal ak referans pou lòt sèvis, epi yo kenbe komunikasyon kontinyèl ak Administratè Aksè Fanmi yo ak DCF.
 - Yon travayè sosyal DCF ap enfòmè fanmi an sou estati referans lan, epi fanmi an ta dwe atann pou founisè edikasyon ak swen/gadri pou timoun piti a kontakte yo dirèkteman pou enskri.
- **Koupon (Vouchers)** pou jwenn asistans finansye pou gadri pou yo ka itilize nan gadri fanmi an chwazi a, depi founisè a patisipe nan Pwogram Asistans Finansye pou Gadri EEC yo (sa vle di, li gen yon akò koupon/voucher ki siyen.)
- Administratè Aksè Fanmi yo pral fè premye apèl pou kontakte fanmi an pou gide yo atravè pwosesis enskripsyon an. Sa enkli ladan ede fanmi an chwazi yon founisè ki pi byen satisfè laj ak bezwen timoun nan. Koòdonatè Swen/Gadri pou Timoun DCF yo ak Administratè Aksè Fanmi yo pral travay ansanm pou sipòte fanmi an pandan tout pwosesis la.

Gadri/Swen pou timoun ki asosye ak DCF ap otorize pou pa mwens pase 12 mwa. Si dosye DCF la fèmen anvan fen peryòd otorizasyon 12 mwa a, otorizasyon aktyèl la ap kontinye jiskaske yo bay yon Otorizasyon Transisyonèl DCF pou 12 mwa. Yo pa dwe deranje plasman yon timoun akòz yon referans ki bay pita pase sa, sòf si fanmi an mande yon chanjman.

Timoun yo refere pa DCF epi ki plase nan swen/gadri deyò Massachusetts ap rete elijib toutotan DCF toujou gen gad legal timoun nan pandan tout dire dosye DCF ki toujou ouvè a.

PARAN KI JÈN YO

DCF ka bay yon referans Swen/Gadri pou Timoun ki asosye ak DCF ke yo bay yon fanmi ki gen yon Paran ki Jèn (yon paran byolojik ki poko gen 24 an) pou bay aksè imedyat a asistans finansye pou swen timoun. Referans DCF aktyèl la se dokiman ki sifi pou fanmi an satisfè kondisyon sou revni, bezwen sèvis, rezidans, ak konpozisyon fanmi. Pou plis enfòmasyon sou kijan Asistans Finansye pou Swen/Gadri pou Timoun sèvi Paran ki Jèn yo ak fanmi yo, tanpri gade [Règleman Selon Revni w](#).

Administratè Aksè pou Fanmi yo dwe mete tèt yo disponib atravè nenpòt mwayen ki pi aksesib pou fanmi yo pou enfòm ak konseye Jèn Paran yo sou chwa ki disponib nan Pwogram Asistans Finansye pou Swen/Gadri Timoun, sou sèvis yo bay, ak sou kondisyon pou patisipe.

LAJAN POU TRANSPÒTASYON

Fanmi ki resevwa yon referans nan men DCF ap travay ak travayè sosyal DCF yo pou detèmine bezwen transpò yo. Si yon fanmi bezwen asistans pou transpò, anplwaye DCF ak Administratè Aksè Fanmi yo ap travay ansanm pou bay yon opsyon plasman ki satisfè bezwen transpò fanmi an.

Tout timoun ki gen dosye DCF aktif ak timoun ki nan fanmi ki apwouve pa DCF kalifye pou sèvis transpò gratis. Kalifikasyon sa a dwe endike sou referans DCF la. Si timoun nan kalifye epi sèvis yo disponib, sipò transpò enkli kòm yon pati nan plasman asistans finansye pou swen/gadri pou timoun nan san okenn lajan anplis. Pou plis enfòmasyon sou sèvis transpò ki finance pa asistans finansye pou swen/gadri timoun, tanpri gade: [Politik Asistans Finansye pou Swen/Gadri pou Timoun pou Revni ki Elijib, Chapit 6](#).

FRÈ PARAN YO

Fanmi yo pap responsab pou frè paran yo, ePI yo pap mande okenn enfòmasyon sou verifikasyon revni nan men fanmi an pandan dosye DCF ki gen rapò avèk yo a rete ouvè.

Aprè dosye DCF la fin fèmen, règleman sa yo ap aplike:

- Pandan premye 12 mwa swen/gadri tranzisyonèl yo, apre yo fin fèmen dosye DCF

la, fanmi yo pap peye frè paran epi yo pap mande okenn enfòmasyon sou revni.

- Pandan dezyèm ane swen/gadri tranzisyonèl oswa otorizasyon an, y ap aplike yon frè pou paran dapre orè frè pou paran ki kalifye dapre revni.
- Family Administratè Aksè Fanmi yo pral travay ak fanmi yo pou detèmine frè paran yo. Yo pral mande enfòmasyon sou revni, e revni yon fanmi dwe rete anba 85% Revni Medyan Eta a (SMI) pou rete elijib pou dezyèm 12 mwa swen/gadri tranzisyonèl la epi plis pase sa toujou.

Pou plis enfòmasyon sou kontinwite swen/gadri ak frè paran yo, tanpri gade [Règleman Pwogram nan sou Revni ki Kalifye](#).

RAPÒTE CHANJMAN KI FÈT

Anplwaye DCF ak Administratè Aksè Fanmi (FAA) dwe travay ansanm pou asire fanmi yo enfòme sou nenpòt chanjman ki aplikab ki gen rapò ak egzijans rapò yo epi pou yo konprann li. Fanmi ke DCF refere yo dwe rapòte sèten chanjman bay anplwaye DCF oswa bay FAA nan 30 jou apre chanjman an.

Chanjman ki dwe rapòte yo enkli:

- **Lè gen yon chanjman ki fèt nan aranjman gad legal timoun nan**, Anplwaye DCF la ap notifiye FAA a pi vit ke posib apre chanjman an, epi y ap bay yon nouvo referans swen/gadri pou timoun ki gen rapò ak DCF la. Plasman yon timoun p ap deranje pandan y ap bay nouvo referans lan, sòf si fanmi an mande yon chanjman.
- **Lè gen yon chanjman nan enfòmasyon kontak fanmi an oswa yon chanjman nan rezidans/adrès yon paran ki gen gad legal pitit la**, fanmi an dwe rapòte chanjman sa a bay FAA.

Fanmi ki pa gen dosye DCF aktif ankò, sa ki enkli sa yo ki te refere pou swen/gadri tranzisyonèl ki gen rapò ak DCF, yo dwe rapòte sèten chanjman dirèkteman bay FAA a nan yon delè 30 jou apre chanjman an fèt, sa ki enkli ladan l yon chanjman ki fè revni fanmi an depase 85% Revni Medyan Eta a (SMI).

Pou plis enfòmasyon, tanpri gade [Règleman Pwogram nan sou Revni ki Kalifye](#).

PREZANS

Yon fwa otorize, fanmi yo pral travay ak founisè swen/gadri timoun ki chwazi a pou enskri pitit yo epi etabli yon orè ki an akò ak otorizasyon an epi ki satisfè bezwen fanmi an. (sa vle di swen/gadri a plen tan oswa a tan pasyèl). Founisè yo pral resevwa peman

selon enskripsyon fanmi an.

- Nou define yon **absans** kòm nenpòt jou kote yon timoun otorize pou l vini patisipe nan yon pwogram edikasyon ak gadri/swen pou timoun piti yo men li pa prezan.
- Tout absans yo dwe anrejistre nan rejis/dosye prezans founisè a.

Lè yon timoun DCF absan oswa pral absan nan gadri a, fanmi an dwe fè founisè a konnen. Pandan otorizasyon yon fanmi DCF, Administratè Aksè Fanmi (FAA) dwe etabli epi kenbe komunikasyon kontinyèl ak DCF ak founisè a. DCF ta dwe enfòm founisè a sou nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak prezans timoun nan oswa lòt bezwen li yo. FAA yo ta dwe rapòte nenpòt enkyetid ki gen rapò ak prezans bay Kowòdonatè Swen/Gadri pou Timoun nan Biwo Zòn DCF la ak Travayè Sosyal DCF la.

Si yon timoun absan plis pase 30 jou youn apre lòt oswa 45 jou an total pandan yon otorizasyon 12 mwa, epi fanmi an pa t mande ni resevwa yon Poz nan Swen/gadri ki Apwouve, absans yo pral konsidere kòm yon Poz nan Gadri a ki pa Apwouve. Yon Poz nan Gadri a ki pa Apwouve ka lakòz yo mete fen nan plasman timoun nan.

Yo pa ka mete fen nan plasman gadri yon fanmi san kontakte Kowòdonatè Swen/Gadri pou Timoun DCF ki asiye an epi san resevwa apwobasyon pou mete fen nan plasman an nan men EEC. Anvan yo mete fen nan plasman yon timoun, FAA a dwe fè de (2) tantativ separe pou kontakte fanmi an avèk diferan metòd (pa egzanp, apèl telefòn yon jou, imèl jou apre a). Si dosye DCF la aktif, FAA a dwe kontakte Kowòdonatè Swen/gadri Timoun DCF ki asiye an. FAA a dwe fè gwo efò, jan sa dekri pi wo a, pou kontakte paran(an) yo ak Kowòdonatè Swen Timoun DCF la pou evalye sitiyasyon fanmi an epi diskite sou opsyon ki disponib yo.

FAA yo dwe enfòm fanmi yo sou opsyon pou mete fen nan gadri a (koupe plas yo) men toujou kenbe benefis CCFA yo, depann de konklizyon pwosesis re-otorizasyon anyèl la.

Revokasyon yon plas yon timoun (PA otorizasyon an) ka fèt nan sikonstans sa yo:

- **Aprè 30 absans youn apre lòt ki pa esplike:** Yo ka bay yon avi pou koupe kontra a nan 31yèm jou a, pou de (2) semèn.
- **After Aprè 45 jou absans, sa ki enkli absans ki pa esplike:** Yo ka bay yon avi pou koupe kontra a nan 46yèm jou a, sa ki valab pou de (2) semèn.

POZ POU PA PREZAN NAN GADRI A KI APWOUVE

Fanmi yo ka mande yon Poz Apwouve nan Gadri a pou sispann sèvis gadri pitit yo

pandan otorizasyon asistans finansye aktif yo pou jiska 90 jou, avèk apwobasyon DCF. Administratè Aksè Fanmi (FAA) yo dwe kontakte Travayè Sosyal DCF ki asiyen an ak Kowòdonatè Swen/Gadri Timoun nan Biwo Zòn nan anvan yo ofri yon fanmi yon Poz Apwouve nan Gadri a.

Yon fwa DCF apwouve, FAA yo ka ofri yon fanmi yon Pozisyon Apwouve nan Gadri a si timoun nan pap asiste gadri a akòz yon evènman ki dire plis pase de (2) semèn, sa ki enkli ladan, men ki pa limite a sa sèlman:

- Yon maladi ki dire lontan oswa yon pwosedi medikal;
- Yon poz nan swen pou vakans lete;
- Yon vizit pou wè yon paran ki pa gen gad legal pitit la; ak/oswa
- Yon vakans pwolonje.

EEC pap kontinye peye pou timoun ki nan yon Poz Apwouve nan Gadri a. Paran yo gen dwa pou yo pa patisipe nan yon Poz Apwouve nan Gadri a.

Founisè yo pa oblije kenbe plas yon timoun nan pwogram gadri a pandan yon Poz Apwouve nan Gadri a. Si pa gen plas ki disponib ankò lè fanmi an pare pou retounen, fanmi an ka transfere asistans finansye yo bay yon lòt founisè yo chwazi. Sa pèmèt timoun nan reprann swen/gadri san li pa retounen sou lis datant EEC pou moun ki kalifye dapre revni yo. Sòf si otorizasyon 12 mwa a ekspire pandan Poz Apwouve nan Swen/Gadri an, fanmi k ap retounen sot nan yon Poz Apwouve nan Swen/Gadri pandan otorizasyon 12 mwa aktyèl yo a pa oblije jwenn yon nouvo referans oswa otorizasyon anvan yo retounen nan gadri a.

Yon nouvo referans DCF ap nesèsè si otorizasyon 12 mwa a ekspire pandan yon Poz Apwouve nan Gadri an ak/oswa si yon fanmi pa retounen soti nan yon Poz Apwouve nan Gadri an nan peryòd tan ki etabli a epi otorizasyon 12 mwa fanmi an fini.

REOTORIZASYON AK KONTINITE GADRI A

Si dosye DCF yon fanmi rete ouvè, DCF ka re-otorize fanmi an pou yon lòt 12 mwa Swen/Gadri pou Timoun ki gen rapò ak DCF. Fanmi yo pa bezwen konplete yon re-otorizasyon an pèsòn. Opsyon vityèl ak telefòn dwe disponib. Plasman yon timoun pap deranje pandan y ap emèt yon nouvo referans, sòf si fanmi an mande yon chanjman.

Swen Transisyonèl Timoun ak Kontinite Swen ki Gen Rapò ak DCF

Fanmi DCF yo ka elijib pou jwenn aksè imedyat nan Gadri/Swen Timoun Transisyonèl pou jiska 24 mwa apre yo fin fèmen dosye DCF yo. DCF ka otorize yon fanmi pa referans

pou peryòd tranzisyon inisyal 12 mwa a apre yo fin fèmen dosye fanmi an, epi fanmi an pap oblije peye okenn frè paran. Referans DCF la se dokiman ki sifi pou fanmi an satisfè kondisyon sou revni, bezwen sèvis, ak kote yo rete pandan premye peryòd 12 mwa a. Fanmi ki chèche jwenn aksè apre premye peryòd 12 mwa a ap resevwa aksè imedyat a asistans finansye pou gadri pou yon lòt peryòd tranzisyon 12 mwa. Administratè Aksè Fanmi an (FAA) ap evalye fanmi an dapre direktiv sou revni ki kalifye yo, epi paran an ka oblije peye yon frè.

Yon timoun kalifye pou resevwa Gadri Tranzisyonèl ki gen rapò ak DCF menm si li pa t deja resevwa Gadri Timoun ki gen rapò ak DCF. Fanmi DCF ki nan peryòd 24 mwa apre fèmti ka yo kalifye tou pou mande Gadri Timoun Tranzisyonèl epi yo pa ta dwe mete sou lis datant lan.

FAA yo ta dwe travay ak fanmi yo pou konfime dat dosye DCF la ap fèmen lè DCF pa bay yon otorizasyon TCC. Si fanmi an nan mitan yon otorizasyon Swen/Gadri pou Timoun ki gen rapò ak DCF, otorizasyon an pa dwe kout; dat dosye a ap fèmen an ap dènye jou nan otorizasyon Swen/Gadri Timoun ki gen rapò ak DCF aktyèl la epi peryòd tranzisyon an ap kòmanse nan fen otorizasyon an.

Otorizasyon tranzisyonèl la ap toujou dire 12 mwa konplè, sòf si yo resevwa yon nouvo referans ki endike ke ka DCF la relouvri; nan ka sa a, yo dwe antre yon nouvo otorizasyon an akò avèk referans lan.

Pandan peryòd Swen/Gadri Timoun Tranzisyonèl la, si FAA vin konnen ke yo relouvri yon dosye DCF pou yon fanmi, yo dwe enfòmè fanmi an sou posiblite pou yo kalifye pou Swen/gadri Timoun ki gen rapò ak DCF epi dirije fanmi an kontakte travayè sosyal DCF yo pou diskite sou kalifikasyon yo ak referans si fanmi an enterese:

<https://www.mass.gov/orgs/massachusetts-department-of-children-families/locations>.

Fanmi DCF k ap viv andeyò Massachusetts lè yo fèmen dosye DCF yo pa kalifye pou Gadri Timoun Tranzisyonèl. Yo dwe bay fanmi an yon avi de (2) semèn.

Apre yon fanmi fin konplete swen tranzisyonèl li, fanmi an ap elijib pou resevwa aksè kontinyèl nan Asistans Finansye pou Swen/gadri Timoun pou Revni ki Elijib, depi fanmi an ranpli kondisyon elijibilite yo.

REFI AK SISPANSYON ÈD FINANSYE

- Fanmi ki vle fè apèl kont sispansyon sèvis gadri pou timoun ki gen rapò ak DCF gen dwa fè sa atravè Pwosesis Odyans Ekitab DCF la, an akò ak règleman ak

politik DCF yo.

- Fanmi ki vle fè apèl kont refi oswa sispansyon Èd Finansye pou Gadri pou Timoun selon Revni ki Kalifye yo, sa enkli fanmi k ap viv san kay ak Jèn Paran yo, yo gen dwa mande yon revizyon EEC, an akò avèk [Règleman sou refi, revokasyon, ak demann pou revizyon pou revni ki kalifye](#).

KOMINIKASYON

Administratè Aksè Fanmi (FAA) YO ap notifiye fanmi yo ak Kowòdonatè Gadri/Swen pou Timoun DCF ki asiye an (si dosye DCF la toujou ouvè) omwen de (2) fwa lè peryòd otorizasyon yo ap fini. Omwen youn nan notifikasyon sa yo dwe an ekri epi li dwe bay omwen 60 jou anvan fen peryòd otorizasyon fanmi an.

- FAA yo pral voye tout notifikasyon bay fanmi yo atravè omwen de (2) fòm kominikasyon, tankou telefòn, mesaj tèks, imèl, ak/oswa bwat lapòs Ozetazini.

PWOGRAM GADRI TANPORÈ POU TIMOUN DCF

EEC ak Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) te fè patenarya pou ofri Pwogram Gadri/Swen Tanporè pou Timoun DCF. Pwogram sa a pèmèt sèten pwogram Swen/Gadri Timoun Fanmi ak pwogram Sant ki deziyen sèvi timoun ki anba gad legal DCF epi ki bezwen yon plasman swen/gadri pou timoun pou yon peryòd ki kout. Pwogram k ap patisipe nan Pwogram Gadri/Swen Tanporè pou DCF la gen lisans EEC epi yo gen kontra ak apwobasyon DCF.

Pou plis enfòmasyon oswa pou jwenn aksè nan Pwogram Gasdri Tanporè pou Timoun DCF la, kontakte eeccsubsidymanagement@mass.gov.